ФИФI ФЫМЫГЪЭПУД, ФИ IЕЙ ФЫМЫГЪЭПЩКIУ

АДЫГЭ ПСАЛЪЭ

АДЫГСКОЕ СЛОВО

КЪБР-м И ПАРЛАМЕНТЫМРЭ ПРАВИТЕЛЬСТВЭМРЭ Я ГАЗЕТ
ГАЗЕТА ПАРЛАМЕНТА И ПРАВИТЕЛЬСТВА КБР

1924 ГЪЭМ И МЭКЪУАУЭГЪУЭ МАЗЭМ И 1 ЛЪАНДЭРЭ КЪЫДОКI

№14 (22.922) • 2015 гъэм щIышылэм (январым) и 29, махуэку • Тхьэмахуэм тхуэ къыдокI • И уасэр зы тумэнщ • adyghe@mail.ru adyghepsale.ru

Дэтэр куэд хъу унэхэр зехьэныкIэ лэжьыгъэхэр ирагъэкIуэкIыну хуит зэращI лицензэхэр тынымкIэ Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и комиссэм и Iуэхукlэ

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Iэтащхьэм и

Указ

Урысей Федерацэм ПсэупIэмкIэ и кодексым и 201-нэ статьям ипкъ иткIэ **унафэ сощI**:

1. Фэтэр куэд хъу унэхэр зехьэныкIэ лэжьыгъэхэр ирагъэкIуэкIыну хуит зэращI лицензэхэр тынымкIэ Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и комиссэ къыз-гъэпэщын.

2. Къэштэн мы Указым щIыгъуэху:

Фэтэр куэд хъу унэхэр зехьэныкIэ лэжьыгъэхэр ирагъэкIуэкIыну хуит зэращI лицензэхэр тынымкIэ Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и комиссэм хэтхэр;

Фэтэр куэд хъу унэхэр зехьэныкIэ лэжьыгъэхэр ирагъэкIуэкIыну хуит зэращI лицензэхэр тынымкIэ Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и комиссэм теухуа Положенэр.

3. Фэтэр куэд хъу унэхэр зехьэныкIэ лэжьыгъэхэр ирагъэкIуэкIыну хуит зэращI лицензэхэр тынымкIэ комиссэ къызэрэпэщыным пыщIа IуэхущхьэмкIэ Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и къэрал властым и уполномоченнэ гъэзэщIакIуэ органу хэхьн Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм Ухуэныгъэмрэ псэупIэ-коммунальнэ хозяйствэмкIэ и министерствэр.

4. Фэтэр куэд хъу унэхэр зехьэныкIэ лэжьыгъэхэр ирагъэкIуэкIыну хуит зэращI лицензэхэр тынымкIэ комиссэм и лэжьыгъэм ехьэлIа къызэгъэпэщынымкIэ-техникэ лъэныкъуэхэр зэтегъэувэнымкIэ Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и къэрал властым и уполномоченнэ гъэзэщIакIуэ органу хэхьн Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм Энергетикэмкlэ, тарифхэмрэ псэупIэ Iэнатlэм щыкIэлъыплъныныкIэ и къэрал комитетыр.

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Iэтащхьэ КIУЭКIУЭ Юрий

Налшык къалэ
2014 гъэм дыгъэгъаазэм и 23-м
№260-УГ

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Iэтащхьэм 2014 гъэм дыгъэгъаазэм и 23-м къыдигъэкIа Указ №260-УГ-мкIэ къыщтащ

Фэтэр куэд хъу унэхэр зехьэныкIэ лэжьыгъэхэр ирагъэкIуэкIыну хуит зэращI лицензэхэр тынымкIэ Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и комиссэм

ХЭТХЭР

Тутыкъу А. М. - Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм ухуэныгъэмрэ псэупIэ-коммунальнэ хозяйствэмкIэ и министрыр *(комиссэм и унафэщIыр)*

Iэрэмысэ Р. Б. - «ОПОРА РОССИИ» хьэрычэт Iуэху мащIэмрэ курытымрэ я урысейпсо жылагъуэ зэгухьэныгъэм и Къэбэрдей-Балъкъэр республикэ къудамэм хэтыр *(зэгурыIуэуэ)*

Беккиев М. Ю. - «КIуэкIуэ В. М. и цIэр зезыхьэ Къэбэрдей-Балъкъэр къэрал мэкъумэш университет» профессиональнэ щIэныгъэ нэхъыщхьэ щIагъэгъэт федеральнэ къэрал бюджет Iуэхущ Iапи Iэм щIыуэпсыр хъумэныгъэ псы хэзыгъэкIыжыр ухуэныгъэхэр егъэкIуэкIыныкIэ и кафедрэм и деканыр *(зэгурыIуэуэ)*

Гриневич В. В. - Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым Ухуэныгъэмкlэ, псэупIэ-коммунальнэ хозяйствэмрэ гъэсыныпхъэ-энергетикэ комплексымкIэ и комитетым и унафэщIыр *(зэгурыIуэуэ)*

Къэжэр Н. А. - Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм Энергетикэмкlэ, тарифхэмрэ псэупIэ Iэнатlэм щыкIэлъыплъныныкIэ и къэрал комитетым и унафэщIым и къудэзэр

Кошимбаевэ Т. А. - Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Iэтащхьэм и Администрацэм къэрал къулыкъым, кадрхэм, коррупцэм пщIэтыным я Iуэхуэкъмкlэ и управленэм и консультантыр

Мэзло Р. Б. - ПсэупIэ-коммунальнэ хозяйствэм и Iэнатlэм жылагъуэ кIэлъыплъныгъэ щегъэкIуэкIыныкIэ Къэбэрдей-Балъкъэр жылагъуэ зэгухьэныгъэм и Щыналъэ центрым и правленэм и унафэщIыр *(зэгурыIуэуэ)*

Назрэн В. Б. - Налшык къалэ округым и щIыналъэ администрацэм и Iэтащхьэм и къудэзэр *(зэгурыIуэуэ)*

Сыжажэ В. Хъу. - Зауэм, лэжьыгъэм, Iэщщкlэ Зэщlэуэзэ Къарухэм, хабзэхъумэ органхэм я ветеранхэм (пенсионерхэм) я Къэбэрдей-Балъкъэр республикэ жылагъуэ зэгухьэныгъэм хэтыр *(зэгурыIуэуэ)*

Хан О. Ю. - Прохладнэ къалэ округым щIыпIэ унафэр зегъэкIуэныкIэ и советым и тхьэмадэр *(зэгурыIуэуэ)*

Шэшэн М. Гъу. - Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Жылагъуэ палатэм экономикэ зыужьыныгъэмрэ хьэрычэтщIэхэм защIэгъэкъуэныкIэ и комиссэм хэтыр *(зэгурыIуэуэ)*

Щоджэн Л. В. - Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм Энергетикэмкlэ, тарифхэмрэ псэупIэ Iэнатlэм щыкIэлъыплъныныкIэ и къэрал комитетым фэтэр куэд хъу унэхэр зэрахьэну хуит зэращI лицензэхэр тынымрэ я лэжьыгъэр зэрекIуэкIым кIэлъыплъныныкIэ и къудамэм и унафэщIыр

Щхьэныкъуэ М. Ю. - Урысейпсо цIыхубэ фондым и ЩIыналъэ штабым «ГъащIэм и фIагъыр» и лэжьакIуэ гупым хэтыр, «Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и щэхуэкIуэхэм я хуитыныгъэхэр хъумэныр» жылагъуэ зэгухьэныгъэм и унафэщIым и къудзэр *(зэгурыIуэуэ)*

Ерыстау М. Хь. - Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и хьэрычэтщIэхэм къащхьэщижьныныкIэ уполномоченнэм и деж щыIэ Жылагъуэ советым хэтыр, «Стройсервис» жэуап зыхэгъэщхьэхукIа зыхь зэгухьэныгъэм и генеральнэ директорыр *(зэгурыIуэуэ)*

Процент 11-м щIигъукIэ хагъахьуэ

2015 гъэм мазаем и 1-м къыщыщIэдзауэ УФ-м пенсэхэм процент 11,4-кIэ щыхэхьуэнущ. Абы тращIыкIуэдэн папщIэ къэралым том мелард 188-рэ къиутIыпщынущ.

А Iуэхур зэрекIуэкIым кIэлъыплъныныр я пщэ ирагъэхьащ Урысейм Лэжьыгъэмкlэ, Финансхэмкlэ, Экономикэ зыужьыныгъэмкlэ и министерствэхэм.

Зэрыхагъэхъуэну процент бжыгъэм теухуауэ щыIэхэмкlэ, Iуэхур зытращIыхьар экономикэм щыщIэ инфляцэрщ - илъэс кIуам ар процент 11,4-рэ хъуауэ зэрыщытар къальытэри, пенсэхэми апхуэдизкIэ хагъэхьуэн хуейуэ зэгурыIуащ.

Дэнэ ущыпсэуну нэхъыфI?

УФ-м и Правительствэм и Финанс университетым иригъэкIуэкIа къэхутэныгъэхэм къызэрагъэлъэгъуамкIэ, ди къэралым щыщу щынэхъ псэугъуейр Тольятти, Астрахань, Пензэ къалэхэрщ. Абыхэм я цIыхухэрщ нэхъ хуэмыщIа дыдэу къальытар.

ЦIыху мин 700-м щигъу щыпсэу Тольяттти къалэм дэхэм я процент 13-р апхуэдизкIэ тхьэмыщкIэщи, ящхьи тIэкIу къызэращэхун ерагъыу къаугъуеиф ираащ. ХуэмыщIауэ псэухэм псори зэхэту хабжэ къалэдэхэм я процент 57-р. Астрахань къалэм дэс мин 530-м нэблагъэм я процент 56-р хуэмыщIауэ мэпсэу, Пензэ я бжыгъэр процент 53-рэ щохъу.

УФ-м и Правительствэм и Унафэщ Iм и къудзэз Голодец Ольгэ илъэс кIуам и кIэухым абы теухуауэ жиIа-хэмэ узыщыгуфIыкIын хэлъхьым - иджыпсту ди къэралым хуэмыщIауэ щопсэу цIыху мелуан 15,7-рэ. «Инфляцэм и зэманым апхуэдизкIэ я бжыгъэр, шэч хэмылъу, нэхъыбэ хъунущ», - къыхигъэщащ вице-премьерым.

ТхьэмыщкIэхэр щынэхъ мащIэ дыдэ къалэу къальытэ Владивосток (зыхуей псори зымыгъэтхэр процент 40, хуэмыщIа дыдэхэр процент 8 щыхъуу ираащ), Москва (бжыгъэкIэ зэрызэкIэлъыкIуэм хуэдэу - процент 43-рэ, процент 9), Екатеринбург (процент 46-рэ, процент 10) къалэхэр.

Мы махуэхэм

ЩIыщылэм и 29, *махуэку*

♦1710 гъэм славяныбзэм и пIэкIэ иджырей урысыбзэм и алфавитыр къащтэным теухуа указ пащтыхьым ксыдигъэкIащ.

♦КъБР-м и цIыхубэ усакIуэ, Социалист Лэжьыгъэм и Лыхъужь **КIыщокъуэ Алим** 2001 гъэм дунейм ехыжащ.

♦Урысей тхакIуэхъуэ **Чехов Антон** къызэралъхурэ илъэсу 155-рэ ирокъу.

♦Критик, АКъУ-м и профессор, филологие щIэныгъэхэм я доктор **Чэмокъуэ Тырбий** и ныбжьыр илъэс 74-рэ ирокъу.

♦Балетмейстер, КъБР-м и цIыхубэ артист **Думэныщ Iэулэдин** и ныбжьыр илъэс 61-рэ ирокъу.

♦УэрэджыIакIуэ цIэрыIуэ, композитор, УФ-м и цIыхубэ артист **Маликов Дмитрий** и ныбжьыр илъэс 45-рэ ирокъу.

Дунейм и щытыкIэнур

«pogoda.yandex.ru» сайтым зэритымкIэ, Налшык пшэр техьэ-текIыу щыщытынущ. Хуабэр махуэм градуси 2 - 5, жэщым 1 градус щыхъунущ.

ЩIыщылэм и 30, *мэрем*

♦Фаджэ (проказа) узыфэр зыпкърытхэм защIэтэкъуэным и дунейпсо махуэщ

♦1863 гъэм Урысейм унафэ къыщащтащ цIыхум сдкIэ удын ебдзынуи, дамыгъэ тебдзэнуи хуит уимыщIу.

♦Москва узэджэнэшхуэхэм щеуэну хуит зымыщI унафэ 1930 гъэм къащтащ.

♦Совет композитор, РСФСР-м и цIыхубэ артист, Сталиным и цIэр зезыхьэ саугъэтыр тIэунейрэ зыхуагъэфэща **Дунаевский Исаак** къызэралъхурэ илъэси 115-рэ ирокъу.

♦Беслъэней къуажэм дэт сымаджэщым и дохутыр нэхъыщхьэ, УФ-м щIыхь зиIэ и дохутыр, КъШР-м и цIыхубэ дохутыр **Къуэн Валентин**э къыщалъхуа махуэщ.

♦Жылагъуэ лэжьакIуэ, Урысей Федерацэм и Кинематографистхэм я зэгухьэныгъэм хэт, адыгэ (шэрджэс) щIыналъэм тезыха фильм зыбжанэ тезыха **Нэгъэлпъэ Аскэрбий** и ныбжьыр илъэс 61-рэ ирокъу.

Дунейм и щытыкIэнур

«pogoda.yandex.ru» сайтым зэритымкIэ, Налшык пшэр техьэ-текIыу щыщытынущ. Хуабэр махуэм градуси 4-м щынэсынущ, жэщым 1 градус щыхъунущ.

Зыгъэхьэзырар
ЖЬЭКIЭМЫХЪУ Маринэщ.

Лъэпкъ Iущыгъэ:

ЗэгъащIэр Iэщ Iагъэщи, умыщIэр Iэфщ.

● Шынагъуэншагъэ

МафIэсхэм я бжыгъэм хощI

Урысей МЧС-м и Iуэхущ Iапи Iэ нэхъыщхьэу КъБР-м щыIэм я лэжьыгъэм кIрикIуэхэм щыхэплъэжа, дызыхьха 2015 илъэсыщIэм къапэщыт къалэныщIэхэр щаубзыхуа зэIущIэ Щоджэнц Iыкl у Алий и цIэр зезыхьэ Къэбэрдей хозяйствэм драмэ театрым щекIуэкIащ. Театрым и пщIантIэм МЧС-м и техникэ зэмыл Iэужьыгъуэхэр щагъэлъэгъуащ. Зэ Iущ Iэм къырихьэлIащ КъБР-м и Правительствэм, министерствэхэмрэ ведомствэхэмрэ я лIыкIуэхэр.

- КъЫЗЗДНЭКIА илъэсыр тыншу щытауэ пхужьIэнукъым, ауэ дэ тлъэгъуащ цIыхухэр хъумэным, къызэрымыкIуэ щытыкIэхэм я лъэужьхэр гъэкIуэдыжьным, апхуэдизкIэ къэмыгъэхуным я лъэныкъуэкIэ Урысей МЧС-м и Iуэхущ Iапи Iэ нэхъыщхьэу КъБР-м щыIэм, къэрал властымрэ щыпIэ самоуправленэмрэ я органхэм зэгъэуIуауэ а унэтIыныгъэхэм теухуа лъэныгъэ зэрыгъэзекIуэкIар, - жиIащ псалъэмакъыр зэхэзыубла-щIэм еха ухуэныгъэхэмрэ хъумэныр кIыхьзэгъэпэщыныкIэ мыхьэнэшхуэ зиIэ хъыбархэр зэхуэхьэсауэ хэплъэн я лъэныкъуэкIэ лэжьыгъэм зегъэужьыным ехьэлIауэ республикэм къыщагъэсэбэн Iэмалхэм.

Урысей МЧС-м и Кавказ Ищхьэрэ щIыналъэ центрым и унафэщIым кIэлъыплъныныгъэ лэжьыгъэмкIэ и къуэдзэ **Барсуков Александр** жиIащ округым щытыкIэ къызэрымыкIуэу къыщыхъур процент 26-кIэ зэрехар, мафIэсхэм хэкIуадэхэм я бжыгъэр процент 17-кIэ нэхъ мащIэ зэрыхъуар. Къызэхуэсахэм абы гу лъэригъэтащ системэм и лэжьакIуэ псоми и чэзум икIи псынщIэу щытыкIэм гу лъеэсыгъатэ хъыбарыр яIэрыгъэхьным мыхьэнэшхуэ зэриIэм. Барсуковым къыхигъэщащ Налшык, Бахъсэн, Прохладнэ къалэхэм, Бахъсэн куейм Зыуэ щыт плъырдиспетчер кулыкъуэхэр хъарзынэу зэрыщылажьэр. Абы жиIащ лэжьакIуэхэр социальнэу хъумэным сыт щыгъуи гулъытэ зэрыхуащIыр. Кьапщтэмэ, Налшык ухуэн щыщIадзащ фэтэр 30 хъу псэупIэ унэр, ар дызыхьха илъэсыщIэм и кIэм ятыну я мурадщ.

Барсуков Александр Урысей МЧС-м и Iуэхущ Iапи Iэ нэхъыщхьэу КъБР-м щыIэм 2014 гъэм кьыпэщыта къалэнхэм зэрехьулIар къыхигъэщри, дэтхэнэми мамырыгъэрэ зэIузэпэщыгъэрэ яIэмэ зэригуапэр жиIащ, КъБР-м и унафэщIхэм республикэм щынагъэншагъэр къыщыщзэгъэпэщыным хуаIэ бгъдыхьэкIэ хэхам папщIэ фIыщIэ яхуищащ.

(КIэухыр 2-нэ нап.).

● Дыгъуасэ

ЗэгурыIуэныгъэ зэращIылIэ

КъБР-м и Премьер-министр Мусуков Алий дыгъуасэ иригъэкIуэкIащ Урысейм Промышленностымрэ сатуным и министерствэм, «Станкопром» АО-м, «ОДК», «ВНИИИНСТРУМЕНТ», «Тэрч налмэс Iэмэпсымэ завод» ОАО-хэм я лIыкIуэхэр зыхэта зэIущIэ. Абы щагъэбелджылащ «Станкопром» АО-мрэ «Тэрч налмэс» акционер обществэ зэIухамрэ зэрызэдэлажьэну щыкIэр.

ХЬЭЩIЭХЭР «Тэрч налмэс» ОАО-м щыIащ, и лэжьыгъэмрэ и Iэдакъэщ Iкl эмрэ зыхагъэгъуэзащ, предприятэм и Iэщ IагъэлIэм яхуэзащ, заказхэр зыхуэдэр зрагъэщIащ.

Къэралым и авиаморухуэу завод зэмылIэужьыгъуэхэм я лIыкIуэхэмрэ хэгъэрейхэмрэ я зэфIэкIхэмкIэ, я Iуэху еплъыкIэхэмкIэ зэхъуэжа нэужь Налшык къагъэзэжри, «Станкопром» АО-мрэ «Тэрч налмэс Iэмэпсымэ завод» ОАО-мрэ зэрызэдэлажьэнымрэ теухуа зэгурыIуэныгъэ Правительствэм и Унэм щызэращIылIащ. Абы Iэ щIадзащ «Станкопром»-м и Iэтащхьэм и япэ къуэдзэ Полканов Евгенийрэ «Тэрч налмэс Iэмэпсымэ завод»-м и директорхэм я советым и унафэщI Хьэжу Владимиррэ.

КЪУМАХУЭ Аслъэн.

Ди къуэш республикэхэм

Адыгэ кхъуейм и пщIэр яхъумэ

АДЫГЕЙ. ***Республикэм и Iэтащхьэ ТхьэкIушынэ Аслъэнджэрий и пресс-конференцым къызэрыщыхигъэщамкIэ, щIыналъэм адыгэ кхъуей къыщыщIэзыгъэкIэм «Адыгэ кхъуей» маркэм ехьэлIа я хуитыныгъэхэр нэхъ жыджэру яхъумэну я мурадщ.***

«АДЫГЭ кхъуей нэсыр къыщыщIагъэкIыр Адыгейрщ, адрейхэр - продукцэ нэпцIщ», - жиIащ ТхьэкIушынэм. Iэтащхьэм къызэрыхигъэщамкIэ, «Сыр адыгейский» продукцэр щагъэхьэзыра щIыпIэр къэгъэльэгъуэным кIэ хуитыныгъэ республикэм щызыIэр предприятищIу. Ящэу ар зыIэрызыгъэхьар «Щоджэн шэ завод»-рщ. ИужькIэ предприяти 2-м апхуэдэ дыдэ дэфтэр яIэ хъуащ.

Псори зэхэту республикэм илъэсым кхъуей тонни 10 къыщыщIагъэкI. Адыгейм ар щызыгъэхьэзырхэм я продукцэр Урысейм и щыхьэрым, кьалэ нэхъ инхэм ирагъашэ.

Высоцкэм и фэеплъ пшыхь

КЪЭРЭШЕЙ-ШЭРДЖЭС. ***Лъэпкъ библиотекэм щекIуэкIащ усакIуэ, актер цIэрыIуэ Высоцкий Владимир и фэеплъ пшыхь.***

ЖЬЫМИ, щIэмэ фIыуэ яльагъу, зи уэрэдхэмрэ и макъымрэ ящымыгупщэ актер цIэрыIуэм теухуа пшыхьым ирихьэлIэу библиотекэм и лэжьакIуэхэм "Знакомый и незнакомый" фIэщыгъэр зиIэ выставкэ къызэрагъэпэщащ. Абы щагъэльэгъуащ усакIуэм и Iащ Iэмрэ и творчествэмрэ тепсэлъыхь къыдэкIыгъуэхэр.

Пшыхьым гъэнэгъу зэхуищIащ зи ныбжькIэ зэхуэмыдэ, Iэщ Iагъэкlэ зэмылIэужьыгъуэхэр. Куэд дэмыкIыу гитарэр зэIэпахыу щIадзащ. Абы и макъамэм щIэту Высоцкэм и творчествэм дихьэхэр усэхэм къеджащ, фIыуэ яльагъу уэрэдхэр жаIащ.

ЗэIущIэм клубым хэтхэм зэдзэрэзыуэ унафэ къыщащтащ ТекIуэныгъэ Иныр илъэс 70 щрикъум ирихьэлIэу Хэку зауэшхуэм теухуа Высоцкэм и уэрэдхэр щызэхэхьэса сборник къыдагъэкIыну.

Ананаси, банани, какао-жыги

АБХЪАЗ. ***Республикэм ЩIэныгъэхэмкIэ и академием ботаникэмкIэ и институтым и щIыналъэм 2016 гъэм ирихьэлIэу экзотикэ къэкIыгъэхэр - ананас, банан, какао-жыг, нэгъуэщIхэри - щагъэкIыну теплицэ щагъэувыну я мурадщ.***

ИНСТИТУТЫМ и унафэщI Губаз Эдуард зэрыжиIамкIэ, абыхэм ящхь къэкIыгъэхэр къагъэкIыу щытащ. Арщхьэкlэ, 1993 - 1993 гъэхэм екIуэкIа зауэм теплицэкэр зэтекъута хьэри, тропическэ къэкIыгъэ лIэужьыгъуэ 800-м нэблагъэ кIуэдыжащ.

- Дэ зэпымыууэ яужь диту Европэмрэ Азиемрэ я ботаникэ жыг хадэ куэдым зэрызапытщIэным, дызэхуотхэ, къэкIыгъэ тельыджэхэм я жылэмкIэ дызохуажэ, - жиIащ Губаз Эдуард икIи къыхигъэщащ, теплицэхэм тропик пхъащхьэмыщхьэхэр щыгъэкIыным Абхазэм и фермер хозяйствэхэр къэкIыгъэ зэмылIэужьыгъуэхэмкIэ нэхъри куэлей зэрищIыну, туристхэр абы къызэрыдихьэхынур.

УЭРДОКЪУЭ Женя.

● Iуэху щхьэпэ

Нэхъыжьхэм папщIэ

Хэку зауэшхуэр зэриухрэ илъэс 70 щрикъум и щIыхькIэ КъБР-м волонтер-псапащIэ гуп щызэхуащэс. Ахэр текIуэныгъэм ехьэлIауэ ди республикэм щекIуэкIыну Iуэхухэм, жыларгъуэ мыхьэнэ зиIэ зэIущIэхэм хагъэтынущ.

ДИ КЪЭРАЛЫМ волонтеру цIыху мин 80 щызэпIагъэуIуэну я мурадщ. Хэку зауэшхуэм ехьэлIа Iуэхуэхэр зэфIагъэкIа нужь, абы жыджэру хэта волонтер 500-р Москва щагъэлъэпIэнущ.

Хэку зауэшхуэр зэриухрэ илъэс 70 щрикъум ирихьэлIэу урысей псом щызэхуашэс волонтер гупым хьыхьэну хуей псори ирагъэблагъэ. Гупыж зыщIхэр фызджэкIуэнур: Налшык къалэ, Захаровым и цIэр зезыхьэ уэрамым тет 66-нэ унэ; е 88662 77 30 68 - телефонымкIэ фыпсалъэ хъунущ.

ЩОМАХУЭ Залинэ.

Лъы тыи, зыгуэрым сэбэп хуэхъу

● Псапэ

Налшык къалэ щекIуэкIащ «Лъы зыт бзылъхугъэ» фIэщыгъэм щIэту езым яфIэфIу лъы зытхэм я еханэ псапащIэ Iуэху щхьэпэр. Ар къызэрагъэпэщащ «М-Драйв» жылагъуэ зэгухьэныгъэм и жэрдэмкIэ.

- СЫМАДЖЭЩХЭР нэхьыбэрэ зыIуу гугъуэхьхэм ящыщщ лъыкIэ къызэгъэпэща зэрымыхъур. Дэтхэнэ цIыху узыншэми зыкIи кьытемыхьэлъэу хуэфIэкIыныгъэ лъы итыну. Сэ сызэрелIымкIэ, лъы птамэ, мыхьэншхуэ зиIэ къалэм бгъэзащIащ: зыгуэрым сэбэп ухуэхъуащ, уэрэ уи узыншагъэр къэппщытащ, - жиIащ «М-Драйв» жылагъуэ зэгухьэныгъэм и унафэщI Байсиев Темыржан.

Псапэ зыпылъ Iуэхум и фIыщыгъэм абы хэтыну къыхуриджэр бзылъхугъэхэрами, къекIуэлIахэм я нэхъыбэр цIыхухъут. Iуэхум нэхъ жыджэру хэтащ КъБР-м щыIэ МВД-м и ГИБДД-м и лэжьакIуэхэр.

Лъы тыным епха Iуэхум хэтыну гупыж зыщIхэм я бжыгъэр кIуэ пэтми нэхъыбэ мэхъу. Апхуэдэу нэгъабэ «Лъы бзылъхугъэ» Iуэхум цIыху 40 хэтамэ, мы гъэм абы къекIуэлIахэм я бжыгъэр 60-м щIегъу.

Зыгуэрым дэIэпыкъун щхьэусыгъуэкIэ я Iуэхущ Iапи Iэм екIуэлIэ дэтхэнэ зыми фIыщIэ хуащI Лъы щат республикэ станцым и лэжьакIуэхэм. Абыхэм зэрыжаIэмкIэ, лъы зытхэр апхуэдэуи куэд хъурхъым, къыдэзыхьыжыр псапэ Iуэхуэхэр зэрыгъэпэщырщ, гуп-гупурэ цIыхухэр къекIуэлIэу.

А махуэм ята лъыр иратынущ лышх уэрэфэр зыпкърыт сабийхэр зыщIэнэ сымаджэщым.

ЩХЬЭЩЭМЫЩI Изэ.

МафІэсхэм я бжыгъэм хощІ

(КІэухыр. ПэщІэдзэр 1-нэ нап.)

Урысей МЧС-м и Іуэхущ1апІэ нэхъыщхьэу КъБР-м щыІэм, республикэм и РСЧС Іэнат1эм 2014 гъэм я лэжьыгъэм кърикІуахэм зэпкърыхауэ къызэхуэсахэр щыгъуазэ ищІащ, илъэсыщІэм къапщыт къалэныщІэхэр игъэнэІуащ. Урысей МЧС-м и Іуэхущ1апІэ нэхъыщхьэу КъБР-м щыІэм и унафэщІ **Надежин Михаил**.

- Къыззрымыкіыу щытыкІэхэм теухуа хъыбарыр егъэщІэнымкІэ, абыхэм я пхъужьыр гъэкІуэдыжьымкІэ зыуэщыт къэрал системхэм и Къэбардей-Балъкъэр щІыналъэ Іэнат1эм и къарур нэхъыщхьэу хуэунэт1ауэ щытащ щыхуэхэм я шынагъуэншагъэр къызэгъэпэщыныр егъэфІэкІуэным, управленэм и органкэмрэ РСЧС-м и къарурэмрэ сыт щыгъуи хъэзыру щытыныр зэтеухуэным, - жиІащ Надежиным.

Адэкіэ абы къызэрыхигъэщащи, республикэм мафІэс къыщыхъухэр нэхъ мащІэ хъуащ, 2013 гъэм елъытауэ илъэс кІуам мафІэсу къэхъуар процент 1,66-кІэ ехащ. МафІэсхэм щІыху 1733-рэ, сом зы мелардрэ ныкъуэм щІигъу и уасэ мыльку кърагъэлащ. Республикэм и мафІэс-къеГъэлакІуэ къару гупым жылагъуэкэр мафІэсым щыхъужьмэ нэсу къызэрагъэпэщ. Ар кърикІуащ къуэжэ пхыдзахэм езыхэм я фІэфІыныгъэкІэ мафІэс хъумакІуэ Іэнат1эхэр къызэрыщыщІэзэрагъэпэщам. МафІэсым зыщыхъужьмэныкІэ мафІэсым зыщыхъужьмэныкІэ хабзэм къигъэувэхэр къызэпыз зудахэм ныкъуанагъэхэр игъэзэкІуэжьну 2108-рэ хуагъэувати, абыхэм ящыщу процент 98-р ягъэзэщІащ.

Къызэрыхагъэщащи, 2015 гъэм аварие-къегъэлажІуэ гупхэм къэпхъыхъэнигъэ-къегъэлакІуэ Іуэхугъэ 310-рэ ирагъэкІуэкІащ. Абыхэм я лжьыгъэм кІуэ пэтми зеуэж.

2014 гъэм граждан зыхъумэжьныгъэм, щытыкІэ къызэрымыкІуэхэм зыщыхъумэным республикэм и унафэщІхэмрэ Іэщ1агъэпІэкІэмрэ хуегъэджэным и лъэныкъуэкІэ къапэщыта къалэныр процентн 145-м нэсу ягъэзэщІащ. Цыхьу 1191-рэ а унэтІныгъэхэм хуагъэхъэзыращ, абы хиубыдэу РСЧС-м и къулыкъущІэ цыхьу 500-м и пІэкІэ 580-рэ ирагъэджащ.

2015 гъэм къапэщыт къалэнхэм ящыщу Надежиным къыхиГъэщащ шынагъуэ зэщІэпІэ щІыпІэхэм къыбгар егъэщІэныжьмкІэ комплексно системэр щегъэфІэкІуэныр зэгъэуІуныр, «Къалэ шынагъуэншэ» пилот проект къызэгъэпэщыныр, азэромобиль гупхэм хэтыныхэр егъэджэныр, нэгъэущІхэри.

Адэкіэ зэІуущІэм Іуэхугъуэ гуапэкІэ къыпащащ. - Урысей МЧС-м и Іуэхущ1апІэ нэхъыщхьэу КъБР-м щыІэм, щыхуэхр хъумэн и лъэныкъуэкІэ зыдэлажьэ нэгъэущІ Іэнат1эхэмрэ ведомствэхэмрэ я лэжьакІуэ къыхэжаныкІахэм медалхэр, щІыхь тхылъхэр, саугъэт лъапІэхэр иратащ. Гулыитэ зыхуащІахэм ящыщущ журналист Белых Наталье.

Республикэм и къэфакІуэ ансамблхэмрэ артист щІэрыІуэхэмрэ зэІуущІэм кІурихьэлІахэм я нэгу зрагъэужьащ. КІэухыру фэеплъ сурэтхэр зытрагъэхащ.

УАРДЭ Женя.

Зэжьэхэуэхэр нэхъ мащІэ мэхъу

Къэрал Іуэхущ1 Іуэхухэмкіэ министерствэу КъБР-м щыІэм щекІуэкІащ республикэм и Къэрал автоинспекцэм 2014 гъэм и лжьыгъэм кърикІуахэр щызэхалъхьэжа зэІуущІэ. КъБР-м щыІэ МВД-м и УГИБДД-м и унафэщІ полицэм и полковник Бэджыдэ Юрэ къызэрыхигъэщам-кІэ, автомобиль зэжьэхэуэу къэхъуар нэгъабэ процентн 3,8-кІэ ехащ, ГъэІуэгу-транспорт къэхъукъащІэхэм зэкІуачэдэхэр, фэбжь хэзыххэри нэхъ мащІэ хъуащ.

- КъЫЗЭДНЭКІА илъэсым кърикІуахэмкІэ Къэбардей-Балъкъэрыр ящыщщ авариехэр, хэкІуадэхэр нэхъ мащІэ щыхъуа Урысейм и щІыналъэ 29-м. Сурэт тезыхЫэмэпсымэхэр зэрыдгъэувам и фІыІыгъэкІэ зэрызэкІуэ псынщІагъыр къызэпыудэхри нэхъ мащІэ хъуащ, - кІыхьгъэщащ Бэджыдэм.

Къэпсэлъам къызэригъэлъэгъуамкІэ, нэгъабэ псори зэхэту республикэм аварие 775-рэ къыщыхъуащ. Абыхэм хэкІуадащ цІыхуи 184-рэ, 982-м фэбжь ягъуэтащ.

УГИБДД-м и унафэщІыр къытеувыІащ маршрут таксихэр хэту,ар зезыгъакІуэ шоферхэм хабзэр уэим зэращІым къыхэкІыу, ГъэІуэгу-транспорт зэжьэхэуэхэр къызэрыхъуам:

- Дэ нобэ дыхоплъэ рейсым щытехьэну щІыпІэхэм транспортхэм я техникэ щытыкІэмкІэ видеоІэмэпсыхэр щыгъэувыным, «Республикэ шынагъуэншэ» системэм пыщІауэ щоферхэм я кІэлъыплъыным. Абы рейсым текІэн и пэкІэ медицинэ къэпщытэныгъэхэр егъэфІэкІуэнымкІэ Іэмал къытынущ.

Апхуэдэ Іуэху бгъэдыхэкІэм теухуауэ къыхалъхьам КъБР-м и Правительствэмрэ Парламентымрэ щыхэплъэнущ.

ЗэІуущІэм гулыитэ щыхуащІащ гъэзэгум тетхэм ящыщу хъума нэхъ мыхъуэхэм - лъэсырыкІуэхэм. Гъэзэг авариехэм хэкІуадэхэр мащІэу ехами, абы и лъэныкъуэкІэ узыгъэпІейтейр иджыри куэду кьонэж. ГъэщІэм къызэригъэлъагъуэщи, абы зезыгъэхъуэжьнир хабзэр зымыгъэзащІэ лъэсырыкІуэхэр административнэ жэуапым ешэлІэнырщ.

- Псом хуэмыдэу гур егъэуз сабийхэр хэту къэхъуэ гъэзэгу-транспорт къэхъукъащІэхэм. Илъэс кІуам сабийуэ 7 хэкІуэдащ, аварие 68-м щыщу 32-м балигъэм сабийхэр шынагъуэншэ бгырыпхэхэмкІэ ирагъэбыдыпІакъым, щІыкІуэхэр зэтезыІыгъэ Іэмэпсымэхэр къагъэсэбэпакъым, - къыхигъэщащ Бэджыдэ Юрэ.

Илъэсым кърикІуахэр къыщыззащІкІуэжьым, УГИБДД-м и унафэщІым жиІащ Къэрал автоинспекцэр республикэм и щІыналъэм ГъэІуэгу-транспорт къэхъукъащІэхэр щыгъэмэщІэным зэрытелэжьэнур.

ЗэІуущІэм хэтащ икІи журналистхэм я упщІэхэр жэуапхэр иратащ Урысей МВД-м и управленэу Налшык къалэ щыІэм и ОГИБДД-м и ДПС-м я щхьэ шынагъуэншагъэр къызэгъэпэщыныкІэ административнэ законодательствэр гъэзэщІэныкІэ гупым и Іэтащхьэ полицэм и майор Мэремкъул Аскэр, КъБР-м щІэ МВД-м и УГИБДД-м кІэлъыплъыныгъэмкІэ къудамэм и гъэзэгу инспекцэ Іэнат1эм и къэрал инспектор полицэм и капитан Мэремщауэ Замир сымэ.

ДЫГУЛЫБГЪУ Жантинэ.

Экономикэ Политикэ

Махуэку

Кавказ Ищхъэрэ Жылагъуэ Іуэху

Къагъэгугъами, яхуэзэфІэкІынукъым

Ахъшэр

Бюджет Іэнат1эм пэрытхэр къагъэгъат 2015 гъэм я улахуэхэм проценти 5,5-кІэ хагъэхъуэну. Ауэ ари къэралым хуэзэфІэкІынукъым.

Урысейр щытыкІэ гугъум къызэрихутам икІи ар абы къызэрызэринэкІыфыну щІыкІэм топсэльыхъ Къэрал Думэм Бюджетымрэ налогхэмкІэ и комитетым и унафэщІым и пэ къуэдзэ Дмитриевэ Оксанэ.

Сондэджэрхэр

- Оксанэ, сомыр апхуэдизу кърамыгъэхуэхьн яхуэзэфІкІынут?

- ЯхуэзэфІэкІынут сомыр щІыдагъэм и уасэм кІэрамышІамэ, ар ижь илъэс 12-м зэтраІэгъэн мурадкІэ зэщІагъакъуэурэ кьемыкІуэкІамэ. Долларым и уасэр сом 36 - 37-м и кІэ кърамыгъэхуамэ, девальвацэр апхуэдизым нэсынутэкъым.

- Президент Путин жиІащ сомыр ехуэхьным сондэджэрхэр хэлІыфыкъуэ.

- Ахэр банкхэщ е финанс гупхэрщ. Абы щыгъуэми Банк Нэхъыщхьэрщ апхуэдэ лъабжьэ зэтезыхуэар. �цБ-м нэгъабэ дыгъэгъазэм и 15-16-хэм илэжьар хуабжьу щэн къызытепхьэн Іуэхущ. Дыгъэгъазэм и 15-м абы аукционхэр валютэщхуэ дыдэкІэ икІи къыщыратыжынур пІалъэ кІыхь дыдэхэм тещыхьауэ иригъэкІуэкІащ. ЦІхьэтечу жыпІэмэ, банкхэм валютэ ираташ. Ауэ а валютэм и уасэр дыгъэгъазэм и 15-мрэ 16-мрэ я жэщым процент 17-кІэ къиІэтащ. Абы Іуэхум хэтхэр игъэгужьеящ, Москва и банк валютэ биржэми и Іэмэпсымэхэр тэмэму зэрымылажьэрэ хэтыжу. А псоми къыхэкІыу сому ящэхур нэхъ мащІэ, валютэу зыІэрагъэхьэр нэхъыбэ хъуащ. Хамэ къэрал ахъшэхэр куэд хъури, абыхэм я уасэхэр ехуэхьжащ. ЦІхьэусыгъуэ псори ди1ащ блыщхьэм, дыгъэгъазэм и 15-м, ЦБ-м и деж валютэ къыщызыщэхуахэм ар дыгъэгъазэм и 16-м и пщэдджьым лъапІэу ящэжауэ, иужькІэ валютэр пуд щыхъужа дыгъэгъазэм и 16 - 17-хэм нэхъапэм зыІэрагъэхьа ахъшэмкІэ щІэрыщІэу хъащэхужу аргуэру ящэжауэ жытІэну. Хэхъуэшхуэкъэ ар?! Сэ Хъэзыбж палатэм зыхуэзгъэзащ мы Іуэхур зэхагъэкІыну селъэІуу.

Делагъэра къызыхэкІыр?

- Сомыр хуабжьу щехуэха 1998 гъэм экономикэм зыкъыІэтыжауэ щытащ. Нобэ апхуэдэ гугъапІэр мэужьых...

- Пэжщ, Іуэхухэр тэмэму зебгъакІуэмэ, девальвацэр щІэгъэкъуэн хуэхъунущ экономикэ зыужьыныгъэми промышленностым зыкъыІэтынми. Абы папщІэ продукцэ къэзылэжьхэм защІэгъэкъуэн, налогхэр ягъэмащІэу кредитхэр нэхъ пуд ящІын хуейщ. Ардыдэр хъэуауэ экономикэр Примаковрэ Геращенкэрэ щыызэрагъэкІуа 1998 гъэм. Иджыри а Іэмалыр къагъэсэбэп хъунущ. Арщхьэкіэ правительствэм Іуэхур елъахъэ: предприятэхэм нэхъ пІапІэу щІыхуэ ярет. Абы щыгъуэми, ахэр а мылькум зэи хуэмыдэу хуэныкъуэщ - ягъэхьэзырар курыт уасэхэмкІэ ящащ, ауэ девальвацэм иужькІэ зыхуей псори нэгъуэщІ уасэхэмкІэ къащэхун хуей мэхъу. А лъэпощхьэпом елъэн хуейщ, арыншамэ, производствэр къызэтеувыІэнущ.

Экономикэм ирадза нэгъуэщІ удынщ экспорт пошлинэхэм зэрыкІэрагъэхуар икІи щІым къыщІащ, къыщІах къулеигъэхэм тралъхьэ налогхэр сом триллион 1,3-кІэ зэрагъэмэщІар! Хилъэфар ахэр къэзыгъэсэбэпхэм я закъуэщ. Уегупсысмэ, девальвацэм къыхэкІыу ди къэралым щагъэхьэзырхэр нэхъ пуд хъун хуейт, арщхьэкІэ правительствэм хуэзэфІэкІ кьиГэнакъым ар нэхъ лъапІэ ищІын папщІэ. Бензиным и уасэр тумэнитхум нэсынкІэ хъунущ.

- Хэт атІэ а псоми зи фейдэ хэлъыр?

- Апхуэдэ унафэхэм сыщытепсэльыхькІэ, сэ зэгуэр япэу изгъащу щытащ нэпсеярыр. Ауэ илъэс куэдкІэ бюджетхэм сахэплъа, министерствэхэмрэ ЦБ-мрэ я унафэщІхэм сепсэлъа иужь, иджы яп из1ащущ делагъэрщ. Ауэ делагъэр къыщегъэкІым и деж, дауи, кьыкъокІ ар езыхэм я сэбэп хэлъу къэзыгъэсэбэп цІыхухэр. Псори зи игъэр зэхищІыхьамкІэ зыми жэуап зэрримыхьыщ. Ахэр я къулыкъущхэм кьытонэж икІи делагъэ хэлъу пхагъэкІ Іуэхухэм пащэ.

- Газетеджэхэр щІоупщІэ: сыт щІыху къызэрыгуэкІхэр къигъанэу властым банкхэм сом триллион щІаритыр? 2015 гъэм бюджет Іэнат1эм пэрыт къэкІуэхэм я улахуэхэм проценти 5,5-кІэ фІэкІа хэмыкъуэну жаІащ.

- Проценти 5,5-р таурыхъщ! Лэжьапщ1э фондыр иджы бюджетым сатыр щхьэхуэу къыщагъэлъагъуэркъым. Дэнэ зэрыхэбгъэхуэну ахъшэ къыздипхынур, узынщагъэр хъумэным 2015 гъэм трагъэкІуэдэнур нэгъабэ зэрыщытам и процент 78-рэ фІэкІа мыхъумэ? Хагъахъуэу жаІэ, ауэ ар къызыхэкІыр дохутырхэмрэ егъэджакІуэхэмрэ улахуитІ зыпэкІуэ лэжьыгъэ зэрызэфІагъэкІ куэдейр. Псалъэм и хьэтыркІэ, узынщагъэр хъумэным и Іэнат1эм лэжьапІэ мин 900 щыІэщ, ауэ абыхэм пэрытыр дохутыр мин 500 куэдейщ.

- Зэран къытхуэхъу унафэхэр, фэрыщІыгъэхэр, пщІыр ищхьэкІэ щамылъагъуу ара?

- Си гугъэщ а псори президентым и деж нэмысу. Нэхъапэхэми хуэдэу, къагъэсэбэп кризисым дыкъикІын папщІэ Дунейпсо валютэ фондым дызыхуищІахэр. Арщхьэкіэ дунейпсо экономикэр кризисым къыщыхашым, къэрал пашэхэр абы и чэнджэщхэм едаІуэркъым! Езы США дыдэм налогхэмрэ кредитхэм щхьэщатыкІхэмрэ игъэмэщІащ. АтІэ дэ сыткІэ дынэхъыкІэ?

ГУДКОВЭ Викторие.
«Аргументы и факты»

● Къулейхэр икІи цІэрыІуэхэр

Абыхэм я дуней тетыкІэр

Урысейм и яп президентым и пхъурылъху Ельцин Борис-нэхъыщІэм илъэс къэс щІышылэм и яп махуэхэр «мелуанырыбжьэхэм я хытыгум» - Карибхэм щыІэ Сен-Бартс щІыпІэм щегъакІуэ. Мы гъэм щІалэр абы кІуащ къишэну и мурад серб «топ-модель» Лазич Тамарэ и гъусэу. Я гъунэгъуу къыщыувыІащ Борис и адэ-анэр - Юмашевхэ Татьянэрэ Валентинрэ, мелардырыбжьэ Абрамович Роман, и щІасэ цІыхубз Жуковэ Дарье зи гъусэр. Ауэ олигархым и япэрей унагъуэр Сен-Бартс щыпІагъунукъым - Абрамович и щхьэгъусэу щыта Иринэ нэхъ кьещтэ абы пэІэщІэу и бынхэр щІигъуу Мальдивхэм зыщигъэпсэхуну.

Къишэну и мурад?

Ельцин-нэхъыщІэм цІыхубз дахэхэр зэрыфІэфІыр псоми ящІэ - илъэс къэс абы Сен-Бартс здешэ зы хъыджэбз лъакъуэ кІыхь. АрщхьэкІэ иджы Лазич Тамарэ Борис-нэхъыщІэр итхьэкъуауэ къыщІэкІынущ икІи ар абы щІиуфэркъым. ЩІалэмрэ хъыджэбзымрэ, я ныбжьэгъуэр я гъусэу, илъэсыщІэр къыщІарэхьащ «Eden Rok» хьэщІэщ зыкъызыхьым. Сен-Бартс зыщызыгъэпсэхуэм я Іыхьэ планэр урыс туристхэщ. Абыхэми хуэдэу, а тІум илъэсыщІэр тІэунейрэ кърагъэблагъащ - япэщІыкІэ Москва и зэманымкІэ, иужькІэ щІыпІэмкІэ.

Ельцин-нэхъыщІэмрэ абы и щІасэмрэ махуэкІэрэ хым зыщагъэпскІащ, пщыхьэщхьэхэр жэщ клубхэм щагъэкІащ. Карибхэм Борис бизнес Іуэху гуэри щызэриуэрэкъым. НэгъуэщІ зырэ абырэ я мылькущ Подмосковьем щыщ Дмитровэ районым щыІэ Старовэ къуажэм и гъунэгъуу гектар 450-рэ хъу бгы-лыжэ курорт щызыхухуэну зи мурад «Вайд вью девелопмент» компаниер. ЩІалэр нэгъуэщІ хъэрычъыщІэ лэжьыгъэми хэту; и нэхъыжьэгъур и гъусэу абы Москва къыщызэІуихауэ уней сабий сад. Абы уи бынхэр хебгъатхэн папщІэ сом минищэ хуэдизу, щыбгъэІэн папщІэ зы мазэм сом мин 60 птын хуейщ. Сабийхэр садым щыхуэгасэ сурэт щІыным, музыкэм, шахматэм, гимнастикэм. Абыхэм ирагъэдж хамэ къэралыбзэхэри.

Президентым и пхъурылъхымрэ абы и щІасэмрэ жэщ клубхэм я нэгу зыщрагъэужьмэ, Юмашевхэ Татьянэрэ Валентинрэ нэхъ кІащтэ Борис и щыпхъу нэхъыщІэр я гъусэу апхуэдэ Іуэхухэм хэмыхьэну. Мазэ зыбжанэ ипэкІэ Борис абыхэм яригъэцІыхуащ и къэшэныр икІи Тамарэ ягу ирихьауэ къыщІэкІынущ. Иужьрейр занщІэу ныбжьэгъу хуэхъуащ Борис и шыпхъум - хъыджэбзхэм зэгъэусэу сурэтхэр зытрагъэх.

Мылъку хъыдегъахуэ

Юмашевхэ-Ельцинхэ я унагъуэм Карибхэм щыІэ хытІыгур ягу щІрихьам щхьэусыгъуэ иІэщ: наІуэу зэрыщытащи, Урысейм и яп президентым и пхъумрэ и малъхъэмрэ я ныбжьэгъыщхуэщ Сен-Бартс щІапІэ дэгъуэ къыщызыщІэхуа Абрамович Роман. Езы олигархым кризис зэманыр игъэкІуащ зимыгъэІэуэлъауэу, тІэу кудей фІэкІа заькъригъэлъэгъуакъым, Голливуд и ваГъуэхэр иригъэблагъэу илъэс къэс къызэригъэпэщу щыта илъэсыщІэ ефэ-ешхэшхуэ зэхигъэхьакъым. Доллар мелуанит зытекІуадэ гуфІэгъуэр Чкоткэм и губернатору щытам и унэ уардэм илъэс зыбжанэ хъуауэ щІиІэрт. Ар ауэ сытми къэхъуауэ къыщІэкІынукъым сомыр хуабжьу ехуэхыу долларыр лъапІэ дыдэ щыхъуа махуит1 къудейм Абрамович фІэкІуэдащ доллар мелуан 449-рэ.

Олигархым кризисыр щегъэпсынщІэ Гекла-Ирлоттэ щІэр зыфІащауэ къэхэ щыкІум. Ар мелардырыбжьэм сыт щыгъуи и гъусэщ: уеблэмэ, тенджызым щытехьэми. Хамэ къэралрэ прессэ пІаскІуэрейм къызэрыхигъэщымкІэ, Абрамович абы гулъытэ нэхъ хуищІ хуэдэщ Дарьерэ я бынхэу Аароншэ Лерэ нэхърэ.

Зы жэщ-махуэ закъуэ

Абрамович Сен-Бартс зыщигъэпсэхукІэ, абы и яп унагъуэм нэхъ кьещтэ Романрэ Дарьерэ Іэмал зэрИэкІэ нэхъ япэжьжьэну. Олигархым и щхьэгъусэу щытар и бын нэхъыщІэхэр щыгъуэу Мальдивхэм ІыпІэтащ. Унагъуэр тхъэмахуищкІэ къыщыуыІауэ хьэщІэщ зыкъызыхым: абы нэху укъыщекІын папщІэ доллар мин 12 нэхърэ мынэхъ щІэтын хуейщ. ЩІыпІэм щыпсэуэхэр хуабжьу къащыгуфІыкІащ цІыхубзымрэ и бынхэмрэ: ахэр зыщІэсым къыкІэдазащ: «Абрамович и унагъуэм и унэ» пІалъэхэр зытетха тхыгъэ.

Мелардырыбжьэм и унагъуэм зэманыр зэрригъэкІуа щІыкІэр зэхэхауэ видеоблогкІэ къигъэльэгъуащ ипхъу курытым - илъэс 19 зи ныбжь Софье.

Хъыджэбзыр щыс спортым дехьэх икІи егупсуу зегъасэ: зэгуэр, Лондон щекІуэкІа зэпеуэхэм Урысейм и цІэкІэ хэтащ икІи ещанэ увыпІэр щиубыдащ. Лондон и щыпсэу щІалэхэм хъыджэбз къулейр къыдахьэхьэн папщІэ зэпеуэн хуей хъунущ.

ТУБОЛЬЦЕВЭ Наталье.
«Комсомольская правда»

● ТекІуэныгъэ-70



Сэри Берлин сынэсащ.
1945 гъэ, накъыгъэм и 9

● Шэшэн

Къуажэр щІэрыщІэу зэфІагъэувэж

Ачхой-Мартан районым щыІэ Бамут къуажэр псынщІэу зэфІагъэувэж. ПсэупІэ унибл щІын яухащ, 23-р и кІэм нагъэблэгъащ.

АБЫ КЪЫДЭКІУЭУ трансформатори 5 дгъэуващ, газ кІуапІэ бжьамийуэ километри 7,9,5-рэ, псыжапІэ бжьамийуэ километри 7,8-рэ, тек зэрыкІуэ кІапсэу километр 17,2-рэ дукъэудиящ. МывэкІэщхъ зытекІута гъэзгуу километр 23-рэ доухуэ, асфальт тыдолъхьэ километр 12-м. Уэрамхэм уэздыгъэ фІэздзэнущ, - къыджиІащ Шэшэн Республикэм экономикэ, щІыналъэ зыужьыныгъэмкІэ и министр Хучиев Муслъим.

Мэжджыт, сабий сад, егъэджакІуэхэр щІыпсэуну унэ, нэгъуэщІхэр яухуэ. Абы щыгъуэми къагъэсэбэпыр щІыпІэм щагъэхьэзыра псэуалъэпхъэхэрщ.

Фигу къэдгъэкІыжинщи, Бамут кьаная щыІмыІэу зэхакъутауэ щытащ. заузэм и зэманым. Ачхой-Мартан районым и администрацэм къызэрыщыджалащи, нэхъапэм къуажэм щІыху мини 6 щыпсэуащ, иджы дэсыжьр 300 куэдейщ. Къуажэм ягъэзэжьыну мурад зыщІа унагъуэхэм сыт и лъэныкъуэкІи ядоІэпыкъу.

Ухуэныгъэхэм ятекІуадэ псори щІыналъэ щыкагъуэ фондым и мылъкум щыщщ.

ЛИСИЦЫНЭ Дарье.
«Российская газета»

Щ1ыдагъэм нэхърэ узынщагъэр нэхъыщхьэщ

● Зэхыхьэхэр

Гайдар Егор и щІэкІэ Москва щекІуэкІа экономикэ форумым хэтахэр зэхуэдэхэуэ зэбгрыкІыжащ.

ЦІІЫХУЪЭ хозяйствэмрэ къэрал къулыкъумкІэ урысей академием и ректор Мау Владимир мэкъуэгум: экономикэ форумым кърихьэлІахэм я бжыгъэм хэхъуащ, хамэ къэрал Іэщ1агъэлІу хуэдитІкІэ (500-м нэскІэ) нэхъыбэ кьекІуэлІащ. Абы дэрэжьгъуэ кьритауэ къыщІэкІынти, либерал экономист щІэрыІуэ гуэрым къызэхуэсахэм яжриІащ сыт щыгъуи марксизму дыщытащ». КьыхэдгъэщхьэхуКІынщи, либерал ахэр щызэхуэса зэІуущІэм «комунизмэм и ныбжьыр» сыт щыгъуи и тепщэу щытащ: экономикэмкІэ министрым зыбжанэрэ кьигъэсэбэпащ Лениным и псальъэхэр. Зэхуэсым жыджэру хэтащ социолог-марксист Валлерстайн Игорь. Зы гупыр тепсэльыхьащ капитализмэр кьызэтенэным е кьызэтещэхэным зэреплъ щыкІэм. Абы щыгъуэми, зыми ищІэртэхъым урысей экономикэр зыхуэкІуэнур. Властыр Іэнкъун зэрыхуэар нэрылъагъут: журналистхэм нэхъыбэу ябгъэдыхьэр хамэ къэрал кьикІахэрт.

Мис апхуэдэ Іэнкъунгъэр щІахъымэну зэрыхуэщІэкъур арауэ къыщІэкІынут къулыкъущІэхэм псалъэ шэрыуэхэр жаІэну щІыхэтар.

Мис абыхэм ящыщхэр.

МЕДВЕДЕВ Дмитрий, *УФ-м и Правительствэм и Унафэщі:*

«Санкцэхэр ягъэув икІи Іуахыж, ауэ къэралым езым къыхуащІ пщІэр къыхуонэж».

«ЩІыдагъэм ехьэлІа Іуэхур дэ дызыпІэплъам нэхърэ зымащІэкІэ нэхъ гугъуу къыщІэкІащ. Ауэ я язынкъуэхэм деж апхуэдэуи къоХъу».

«Капитализмэм кІэ зэрригъэтыным тепщІыхьмэ, дэ къыштпэщыт къалэнхэр цІыкІу дыдэщ. Абы дэ фІэщхъыныгъэ пыухыкІа къытхельхьэ».

УЛЮКАЕВ Алексей, *экономикэ зыужьыныгъэмкІэ министр:*

«Кризисым и зэманым угужьей къунукъым, нэхъыщхьэр унагъуэ быдэ уиІэнымрэ уи узынщагъэр пхъумэнымрэщ. Баррелхэмрэ санкцэхэмрэ нэгъуэщІ Іуэхущ».

КУБАНЫЧБЕК Апас, *къыргыз политолог:*

«Таможнэ зэгуэхьныгъэм дыхьэхьэн хуеякъым. Ди хьэпшыпхэр урысейм щащІэжьмэ пэхъунукъым, сомыр пуд зэрыхьурэ, мыбы ди цІыхухэр щылэжьэну къэкІуэжакъым».

Санкт-Петербург щыщ банкир (и *цІэр хэлІущІыу дымыщІыну къыздэлъэІуащ):*

«Сэ мыбы щызэхэсхар зы хъыбарыфІщ: Банк Нэхъыщхьэм и унафэщІым и яп къуэдзэ Юдаевэ Ксение нэгъуэщІ Іэнат1э ягъэкІащ. Иджы абы и пІэкІэ ахъшэ-кредит политикэр зезыгъэкІуэнур Іуэхум нэхъ хэзыщІыкІ цІыхущ».

Орел областым щыщ хъэрычъыщІэ **ГУСЕВ Олег**:

«ГъэщІэгъуэнщ экономикэр къанэ щымыІэу кьэралым зэрригъэкІуэну зэрытепсэльыхьар. Ауэ абы либералхэм ящыщу зыри игъэпІейтейкъым. Абы щыгъуэми, социализм щыІэнукъым - къулыкъущІэхэм дэ мылькур тІэщІагъэкІынущ. Къэрал банким кьыдит кредитым щхьэщыттыкІ ахъшэр дыгъэгъазэм процент 30-м нэсащ. А ахъшэр симыІэу сэ къыщІэзгъэжьащ продукцэм нэгъуэщІ лІэужьыгъуэхэр схухэзгъэхьэнукъым, уасэми хэзгъахъуэ хуунукъым къыщІэзгъэкІыр, нэхъыбэ сщІыну аращ си мурадыр. АрщхьэкІэ си хэхъуэ псори иджы щыІэдзауэ ехьыж хуейкъым. Дауэ зэрызгъэмэщІэнур ахэр? ЦІыхухэр я Іэнат1эм ІэгъэкІыну сфІэгугъ-ныхьщ, ауэ нэгъуэщІ Іэмал сиІэкъым. Медведевым дыкъигъэгугъащ щхьэщыттыкІ процентыр игъэмэщІэнур. Ауэ къыджиІакъым щигъэмэщІэнуру. Ауэ къыджиІакъым щыгъэмэщІэнуру ахэр? ЦІыхухэр зыхуэдизри».

ЖУРАВЛЕВ Дмитрий, *щыналъэ Іэхэухэмкіэ институтым и Іэтащхьэ:*

«Псалъэ тэрэфэрэкэр куэду щытащ, арщхьэкІэ пыухыкІауэ къыкхалъхьар мащІщ. Аращ къызыхуэсахэр псом хуэмыдэу зыгъэпІейтеяр».

Арщхьэкіэ «АиФ»-м къызэрыжьраІамкІэ, форумым къэкІуахэр мыбы куэдкІэ щІигугъакъым.

«Сэ мыбы сыкъыщІэкІуар министрхэм жаІэм седэІуэну аракъым, абыхэм сэ зы фІы гуэркІи сащыгугъырыкъым, - жеІэ **Адеевэ Галинэ**, Костромэ областым щыІэ унэ-интернатым и унафэщІым. - Арщхьэкіэ хуабжьу сегъэгузавэ цІыхур псэуным трагъэкІуадэр фІэкІыпІэ имыІэу зэрагъэмэщІэнум. Сэ мыбы къыщыщІэзыхьауащ ди сабийхэм къадэІэпыкъуфыну цІыхухэр, икІи къэзгъуэтащ».

«Сэ ди банкым щыщ къэзытырфынуХэр къызолъыхьуэ, - къыджиІащ кредит Іуэхущ1апІэ инхэм ящыщ зым и Іэтащхьэм и чэнджэщгъу **Греков Вячеслав**. - Дэ зэпыдгъэуакъым бизнесми щІыхуэхэми кредитхэр еттын. Ауэ иджы псори гугъу хуэщІ. Форумыр псалъэмакъ купщІэншэхэр щрагъэкІуэкІ зэхьхьэщ. Кризисым упэщІэтын папщІэ щІыхуэхэр зэщІэбгъэІуэн хуейщ. ИтІанэщ зыгуэр щыпхъэзэфІэкІынур»

«Властхэм зыкІи уащыгугъ хъунукъым, абыхэм езыхэм кьагурыІуэрэкъым екІуэкІ Іуэхуэхэр, - жиІащ фадэр игъэкІыныкІэ къэхутэныгъэхэр езыгъэкІуэкІ центрым и унафэщІ **Дробиз Вадим**.- Дызыхэхуа гугъуехьхэм я нэхъыбэр кьызэдэнэкІыфынукъым - щІыдагъэр нэхъ лъапІэ тхуэщІынукъым, Кърымыр щІыгъуэ щІыгъуу. Илъэсрэ нэхъыбэ рэ дэкІмэ, кризисым дызекІынущ. Дефэн икІи дыпсэун хуейщ».

Зы упщІэ закъуэ: узэфэнур къызэрыпщэхунур сыт?

ЧЕБОТАРЕВ Алексей.
«Аргументы и факты»

ПІланэпэр зыгъэхьэзырар ШАЛ Мухьэмэдщ.